बेसिक शिक्षा विभाग के अंशकालिक अनुदेसकन क बढ़ल मानदेय वितरण के लेके आजु प्रदेसभर में उनकरे सम्मान में कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। लखनऊ के लोकभवन में आयोजित राज्य स्तरीय समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अनुदेसकन के सम्मान अउर बढ़ल मानदेय वितरण कार्यक्रम क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार अंशकालिक अनुदेसकन क मानदेय नौ हजार रूपया से बढ़ा के सत्रह हजार रूपिया महिना कइ दिहले हवे। उहां के बेसिक सिक्षा के सगरो सिक्षा व्यवस्था क नेई बतावत कहलें कि सरकार बेसिक सिक्षा से जुड़ल कारमिकन के हरदम्मे सम्मान के नजरि से देखले हौ।

**हम नींव की उपेक्षा करते हैं क्योंकि वह दिखाई नही देता है लेकिन नींव ही अगर मजबूत नहीं होगी तो उसमें एक सशक्त और समर्थ भवन कैसे बन पायेगा। मजबूत ईमारत नहीं बन पायेगी और इसीलिये अनुदेशक हों, शिक्षा मित्र हों, बेसिक शिक्षा परिषद से जुड़े हुए शिक्षकों के मानदेय से जुड़े हुए मामले हों या उनसे जुड़ी अन्य बातें हों। हम लोगों का मानना रहा है कि यह सम्मानजनक होना चाहिए।**

अनुदेसकन के सम्मान खातिर लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम के उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, बेसिक शिक्षा मंत्री संदीप सिंह, कैबिनेट मंत्री मनोज कुमार पाण्डेय भी संबोधित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें हवें कि राष्ट्रवाद अउर भारतीयता के भावना से ही भाजपा कार्यकरता लोगिन के समाज में सम्मान मिलेला। श्री योगी आजु गोरखपुर में भाजपा के जिला प्रसिक्षण बर्ग के उद्घाटन सत्र के संबोधित करत रहलें। कार्यक्रम में उहां के कहलीं कि पारटी संस्थापक लोगि राष्ट्रहित में जउने सोचले रहलें, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में ऊ सज्जो साकार भइल हवे।

एकरे पहिले गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन क आयोजन कइ के मुख्यमंत्री लोगिन से भेंटि कइले। येह मौका पर उहां के करीब डेढ़ सौ लोगिन क समेस्या सुनलीं अउर ओनकरे निपटारा क निरदेस जुड़ल अधिकरियन के दिहलीं। मुख्यमंत्री लोगिन के भरोसा देत कहलें कि जनसमस्या का समाधान सरकार क प्रतिबद्धता हौ।

**********

गृह अउर सहकारिता मंत्री अमित शाह कहलें हवे कि आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस अउर डीप टेक्नोलॉजी ही भबिष्य के अर्थ व्यवस्था क मुख्य आधार होइहें आजु गुजरात के अहमदाबाद में मिलियन माइन्ड्स टेक पार्क के पहिला फेरा क उद्घाटन करत उहां के कहलीं कि भारत दुनिया के हर उभरत क्षेत्र में अगुवा बन गइल हवे।

**आने वाले 25 साल में जो सेक्टर विश्व की अर्थनीति को विश्व के अर्थतंत्र को दिशा देंगे। उन सभी क्षेत्र में आज भारत फाउंडर बनकर अपनी मजबूत उपस्थिति को दर्ज करा रहा है और यही बता रहा है कि भारत का भविष्य बहुत सुनहरा है। एआई और डीपटेक के जो भविष्य है इसके लिए टेक पार्क इसको आगे बढ़ाएंगे।**

**********

सरकार चांदी के आयात पर रोकि लगा दिहले हवे। बिदेस ब्यौपार महानिदेसालय एगो अधिसूचना में कहले हवे कि सोना अउर प्लैटिनम से मढ़ल चांदी समेत चांदी के आयात क नीति के संसोधित कइ के मुक्त से प्रतिबंधित कइ दिहल गइल बा।

**********

पच्छिम एसिया में चलत संघर्ष के बिच्चे ईंधन संरक्षण के लेके प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अपील अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेसन के बाद श्रम बिभागों तइयारी में जुट गइल बा। प्रदेस के बड़हन उद्योगन अउर व्यवसायिक संस्थानन के हफ्ता में दुइ दिन वर्क फ्रॉम होम यानि घरवे से ऑनलाइन जरिया से काम कइले क व्यवस्था लागू कइले क सलाह दिहल जा रहल बा। श्रम आ सेवा योजन मंत्री अनिल राजभर बिभागीय अधिकरियन के एकरे खातिर एडवाइजरी जारी करे क निरदेस दिहले हवें।

**********

लेखपाल भर्ती के एक्कइस मई के होखे वाली मुख्य परीक्षा खातिर प्रवेस पत्र उत्तर प्रदेश राज्य अधीनस्थ सेवा चयन आयोग के वेबसाइट पर अपलोड कइ दिहल गइल बा। आयोग के परीक्षा नियंत्रक बतवलें कि अभ्यर्थी तय सुल्क जमा कइ के ओके डाउनलोड कइ सकेलें। सात हजार नौ सौ चौरानबे पदन खातिर होखे वाली परीक्षा प्रदेस के चौव्वालीस जिलन में आयोजित कइल जाई।

**********

आजु से अधिक ज्येष्ठ मास यानि पुरूषोत्तम मास सुरू हो गइल बा। अधिक मास में मथुरा समेत समूचा ब्रज मंडल में एक महिन्ना ले चले वाला पुरूषोत्तम मास मेलों क आजु से सुभारंभ हो गइल बा। ब्रज मंडल के येह मेला में आस्था अउर बिस्वास के साथ सरधालु उमड़े लगल हवें। येह बिच्चे सरधलुअन के सुरक्षा के देखत परसासन गोबर्धन अउर वृन्दावन के लेके पूरा ब्रज क्षेत्र में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइले हवे। भीड़ नियंत्रण खातिर भारी संख्या में पुलिस बल के तैनाती के साथे साथे सीसी टीवी कैमरा अउर ड्रोन से निगरानी कइल जा रहल बा।

**********

गोरखपुर के लेके पूर्वी उत्तर प्रदेस के जिलन में आजु तेज घाम के चलते दिन बहुते गरम रहल। मौसम बिभाग अगिला कुछु दिनन ले तापमान में बढोत्तरी भइले अउर लू चलले क अनेसा जतवले हवे। बिभाग इहो पूर्वानुमान लगवले बा कि मानसून अट्ठारह जून के गोरखपुर के रास्ते प्रदेस में दस्तक देई। येह सालि मानसूनी सीजन में सामान्य से कम बरखा क आगम बा।

**********